

Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTRIKSYON 22 KILOMÈT SANTYE EMPIRE STATE LA NAN NEW YORK SANTRAL

Konstriksyon an Pral Konble pi Gwo Espas Vid nan Seksyon Santye Wout Kanal Erie Atravè Eta a - Gade Kat Jeyografik [Isit La](#)

Pwojè a Pral Kreye Aksè pou Bisiklèt pou ale nan Fwar Eta a soti anba lavil Syracuse

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a konstriksyon ap fèt sou plis pase 36 milyon dola nan pwojè Santye Empire State la nan Konte Onondaga ane sa a. Pwojè yo pral konplete yon wout pou monte bisiklèt ak pyeton kontinyèl Santye Empire State la atravè Syracuse nan elimine espas vid aktyèl 22-kilomèt la atravè Camillus, Syracuse ak DeWitt. Pwojè yo ap konble pi gwo espas vid nan seksyon wout kanal Erie a nan Santye Empire State la, ke yo espere fini nan ane 2020 e li pral kreye yon chemen 1207 kilomèt de New York City a Canada e de Albany a Buffalo.

"Pwojè sa yo make yon lòt pa an avan enpòtan nan konplete Santye Empire State la, yon destinasyon touris ak lwazi anplennè pou rezidan ansanm ak vizitè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè li fini, santye sa a pral konekte kominote atravè Finger Lakes, New York Santral ak Mohawk Valley, sa pral mennen touris epi bay ekonomi nan rejyon enpòtan sa yo nan eta a bourad."

"Santye Empire State la soti Buffalo rive Vil Albany ak New York, epi n ap kontinye ekspansyon li pou amelyore eksperyans jeneral la ak ogmante opòtinite lwazi yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Konstriksyon 22 kilomèt anplis santye nan Santral New York ap konble yon gwo espas vid nan santye nan tout eta a epi bay aksè amelyore ak yon lyen a Fwa Eta a soti anba lavil Syracuse. Pwojè konstriksyon sa yo bati sou efò nou yo pou elaji wout pou bisiklèt ak pou mache yo, ogmante touris ak ranfòse ekonomi an."

Yon seri pwojè santye pa Eta New York la ak patnè lokal yo pral ede konekte sant Syracuse ak santye ki egziste deja nan lwès Rochester ak nan lès Utica. Pwojè yo se yon gwo etap nan akonplisman youn nan inisyativ Gouvènè Cuomo an 2017 nan inisyativ [Eta Eta](#) a pou kreye 1,207 kilomèt Santye Empire State la avan 2020. Pwojè yo gen ladan yo:

- Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la pral konekte koridò Erie Boulevard ant DeWitt ak Syracuse pa agrandi ak amelyore liy bisiklèt yo ak santye pyeton ki egziste deja yo. Pwojè 27 milyon dola sa a gen ladan diminye Erie Boulevard pa yon liy nan chak direksyon ant Beech Street ak Bridge Street pou kreye yon wout bisiklèt ak santye pyeton andeyò wout la.

- Konte Onondaga pral investi 9 milyon dola pou pwolonje santye Loop the Lake la ozalantou Onondaga Lake, ki gen ladan konstriksyon yon pon bisiklèt /pyeton sou wout ray tren CSX nan pwent sid lak la, fè yon koneksyon enpòtan ak anba lavil Syracuse.
- Honeywell Corporation pral konplete konstriksyon santye Loop the Lake la sou bò sidwès Lak Onondaga, epi li pral bati yon nouvo santye 5.63 kilomèt andeyò wout la soti nan lake west la rive nan Camillus. Nouvo santye an se youn nan pwojè kontwol resous natirèl Honeywell ap konplete kòm yon pati nan efò li yo pou netwayaj Lake Onondaga.
 - Fwa Eta New York la pral investi 500,000 dola pou kreye yon Antre Prensipal Santye Empire State la pou akeyi siklis yo ak vizitè yo sou teren Fwar yo.

Ane pase, Pak Eta New York yo konplete yon pwojè 2 milyon dola pou renove yon seksyon 19 kilomèt sou Pak Eta Istorik Old Erie Canal soti nan Pak Eta Green Lakes ale nan Canastota. Pwojè a te enstale nouvo pousyè wòch kòm sifas nan pi gwo pati nan santye an ansanm ak sifas pave ak asfalt sou yon seksyon 2.6 kilomèt nan Chittenango soti nan Lakeport Road East rive nan Canaseraga Road.

Andy Beers, Direktè Santye Empire State la te di, "Pwojè sa yo pral bay yon wout ki san danje pou monte bisiklèt ak pou mache pou rezidan nan zòn iben Syracuse yo pou gen aksè a Santye Empire State la, santye Wout Kanal Erie, ak santye Loop the Lake la, fè pwomosyon divètisman ekstèn yo ak mòd vi an sante. Achèvmman Santye Empire State la an 2020 pral kreye yon atou divètisman san rival nan tout eta a ki prezante bote Payizaj New York la ak istwa ekstraòdinè plis toujou".

Komisè Pwovizwa Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Eta New York kontinye fè gwo pwogrè sou pwojè vizyonè Gouvènè Cuomo pou konstwi pi gwo rezo santye ki gen plizyè izaj eta a nan nasyon an. Amelyorasyon Santye Empire State yo ap ankouraje moun New York Santral yo pou yo konekte youn ak lòt, jwi yon vi ki an sante, ki aktif, epi eksplòre wout istorik New York yo".

Richard A. Ball, Komisè Agrikilti a te di, "Santye sa a konekte gwo eta nou an epi l ap ede reyalize vizyon Gouvènè Cuomo sou yon New York vital e k ap grandi. Nou kontan pou nou patisipe nan pwojè enpòtan sa e nou espere ede edike moun New York yo sou atou ekstraòdinè eta nou an pou ofri".

Direktè Fwa Eta New York la, Troy Waffner, te deklare, "Fwa a nan biznis pou konekte moun New York yo ak kreye kwasans ekonomik atravè touris. Se yon chwa ideyal pou nou genyen antre prensipal sa a epi nou fyè pou nou jwe yon ti wòl nan ede lye moun New York ak bote etonan eta nou an".

Senatè Robert Antonacci te deklare, "Konstriksyon 22 kilomèt Santye Empire State la ap pèmèt fasilite aksè pou rezidan yo menm jan ak touris yo pou yo monte bisiklèt, kouri, oswa mache nan tout Konte an ak atravè eta a. Nouvo santye a pral ede bati ekonomi lokal yo nan kreye aksè pou plizyè milyon moun ki ta kapab itilize santye sa a chak ane".

Senatè Rachel May te di, "Kòm yon siklis pasyone, mwen kontan anpil ke New York pral investi nan Santye Empire State la epi fèmen espas vid la nan Wout Kanal Erie ant Camillus ak anba lavil Syracuse. Sa a ouvè yon etalaj vas opòtinite transpò ak lwazi pou New York Santral. Lè nou konekte kominote nou yo ak chemen bisiklèt ak pyeton yo, nou ankouraje moun itilize divès opsyon transpò piblik yo epi vin pi aktif, nou ouvri aksè pou moun ki pa posede machin, epi nou pwomouvwa pwoteksyon sante ak anviwònman. Mwen apresye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan pwoblèm sa a".

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Nan konstwiksyon santye adisyonèl nan New York Santral epi fèmen pi gwo espas vid nan Wout Kanal Erie pou konekte rejyon an avèk Santye Empire State la, n ap asire ke plis nan eta a aksesib pou monte bisiklèt, randone ak touris. Plis moun New York pral kapab jwi Fwar Eta a ak wè tout sa New York Santral gen pou ofri".

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Kanal Erie a se youn nan trezò rejyon nò New York. Itilizasyon chemen kanal Erie yo pou fè New York Santral plis akeyan pou bisiklèt ak pou pyeton se yon itilizasyon mèvèye resous nou yo."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Nan fèmen espas vid ki genyen nan Santye Empire State la, nou ka ede fanmi New York Santral yo menm jan ak vizitè yo tire tout avantaj de santye 1207 kilomèt la. Mwen patikilyèman kontan pou baryè aksè bisiklèt yo pwopoze a sou teren fwar eta yo, ki pral bay moun yon lòt fason an plis pou jwenn aksè a pilye ete New York Santral sa a. Mwen pral kontinye travay avèk lidè lokal yo pou elaji plis opòtinite divètisman pou fanmi yo nan Eta New York".

Chèf Egzekitif Konte J. Ryan McMahan, te deklare, "Pwojè sa yo pral bay yon lyen enpòtan pou siklis, kourè, moun kap mache ak lòt moun pou soti deyò epi dekouvri san danje ak jwi plis de Konte Onondaga, sa k ap fè kominote nou an pi atraktif pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo. Pwojè sa yo pral ede kondwi plis devlopman ekonomik nan kominote nou an epi nou kontan anpil ke Santye pitorès Loop the Lake la ap vin youn nan ki pi gwo aksan Santye Empire State la".

Majistra Syracuse Ben Walsh te deklare, "Achèvman Santye Empire State la ogmante opòtinite pou divètisman ekstèn yo nan kominote nou an epi li ofri wout anplis, san danje pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo pou vwayaje nan sant iben nou yo ak nan destinasyon tankou Fwar Eta a, Lake Onondaga, ak vil avwazinan yo. Mwen kontan anpil ke Eta New York, Konte Onondaga ak Honeywell Corporation ap kontribiye nan amelyorasyon ki pral amelyore epi konplete santye an avan ete k ap vini an".

Sipèvizè Vil DeWitt Ed Michalenko te deklare, "Pwojè sa a reprezante pouvwa patenarya a; sitwayen yo, gouvènman lokal yo ak gouvènman eta a ki mete tèt ansanm pa sèlman pou amelyore kalite lavi nan rejyon nou an atravè Santye Empire State la, Wout Kanal Erie a, ak Elevasyon pwojè Erie yo... men tou pou bay opòtinite devlopman ekonomik tanjib kounye a ak nan lavni pou kominote avwazinan yo, touris, biznis, ak anviwònman an".

Sipèvizè Camillus Mary Ann Coogan te di, "Elimine espas vid aktyèl 22-kilomèt la atravè Camillus, Syracuse ak Dewitt pral fè Antre Prensipal Santye Empire State la youn

bèl atou pou kominote nou an. Mèsi a Pak Eta New York yo, a Honeywell ak tout moun ki enplike nan gwo pwojè sa a".

Kòm yon pati nan angajman pou envesti ak bati enfrastrikti pou sipòte ekonomi New York la, Gouvènè an ap kreye Santye Empire State la, ki lè li fini an 2020 pral kreye yon santye bisiklèt 1207-kilomèt santye ak chemen pou mache soti nan New York City pou rive Canada ak soti nan Albany pou rive Buffalo. Yon [etid resan](#) revwa ke 8.6 milyon rezidan ak touris pral vizite tout 1207-kilomèt santye an chak ane.

Pou fin konplete Santye Empire a apati 2020, y ap konstwi apeprè 563 kilomèt nouvo santye/santye amenaje. Pwojè konstriksyon yo pral antreprann pa yon kantite antite eta ki gen ladan Hudson Greenway, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA)/Canal Corporation, Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA), DOT, ak gouvènman lokal yo. Santye a pral estimile kwasans ekonomik ak ranfòse sektè touris la nan kominote ki sou wout li yo. Toutolon Santye Kanal Erie a (Albany rive Buffalo) ak Hudson Valley Greenway (Vil New York pou rive Albany) Santye Empire State la pral 85% wout kanal ak santye ki andeyò wout yo.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)